


**Haitian Creole Edition
Grade 8 Mathematics, Book 2
May 4–5, 2004**

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk

**Matematik
Liv 2**



4–5 me, 2004

Non _____

TI KONSÈY POU SWIV LÈ OU AP PRAN EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon nou fè pou ede ou fè maksimòm ou nan egzamen sa a:

- Fòk ou sèten ou li ak atansyon tout esplikasyon yo ba ou nan liv egzamen an.
- Mande pwofesè ou la eksplike ou nenpòt enstriksyon ou pa konprann.
- Planifye tanou. Li ta ka bon pou ou voye zye rapid sou tout seksyon an anvan ou kòmanse reponnn kesyon yo pou ka planifye tan ou.
- Ou kapab sèvi ak enstriman ou yo pou yo ede ou rezoud nenpòt pwoblèm nan egzamen an.
- Li chak kesyon ak atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri yon repons.
- Fòk ou sèten ou montre travay ou lè yo mande ou pou ou fè sa. Ou kapab resevwa yon pati nan pwen yo si ou montre travay ou fè.
- Sèvi ak kalkilatris ou pou ou rezoud pwoblèm ki nan pati sa a nan egzamen an.



Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak règ yo ba ou a.



Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak rapòtè yo ba ou a.


Fèy referans matematik

FÓMIL



Solid rektangilè


$$\text{Sifas total} = 2(lw) + 2(hw) + 2(lh)$$



Silenn sikilè

$$\text{Sifas total} = 2\pi rh + 2\pi r^2$$

$$\text{Volim} = \pi r^2 h$$



Teorèm Pitagò

$$c^2 = a^2 + b^2$$

Trigonometri

$$\sinis A = \frac{\text{kote opoze}}{\text{ipoteniz}} \quad \cos A = \frac{\text{kote adjasan}}{\text{ipoteniz}} \quad \tan A = \frac{\text{kote opoze}}{\text{kote adjasan}}$$

TABLO TRIGONOMETRIK

Degre	Sinis	Kosinis	Tanjent
0	,0000	1,0000	,0000
5	,0872	,9962	,0875
10	,1736	,9848	,1763
15	,2588	,9659	,2679
20	,3420	,9397	,3640
25	,4226	,9063	,4663
30	,5000	,8660	,5774
35	,5736	,8192	,7002
40	,6428	,7660	,8391
45	,7071	,7071	1,0000
50	,7660	,6428	1,1918
55	,8192	,5736	1,4281
60	,8660	,5000	1,7321
65	,9063	,4226	2,1445
70	,9397	,3420	2,7475
75	,9659	,2588	3,7321
80	,9848	,1736	5,6713
85	,9962	,0872	11,4301
90	1,0000	,0000

Sesyon 1

Pati 2

28

Ingrid ap travay ak reprezantasyon nonm sa a:

2 4 16 256 ?

Pati A

Dapre reprezantasyon an, ki nonm ki vin apre?

Repons _____

Pati B

Sou liy anba la yo, dekri règ reprezantasyon ou sèvi a pou jwenn repons korèk la pou Pati A.

Pati C

Èske reprezantasyon nonm lan ki anba la swiv menm règ ak premye reprezantasyon nonm yo?
Esplike poukisa wi oubyen non sou liy anba la yo.


3 9 27 81 243

Kontinye

29

Sou kadriyaj anba la a, relve epi make koòdone sa yo:

(-1, 3), (7, 3), (7, -1,) epi (-1, -1).



Konekte pwen yo avèk liy dwat pou kreye yon kalite poligòn espesifik epi bay poligòn ki anba a non.

Non poligòn lan _____

Kounye la a detèmine perimèt poligòn lan.

Montre travay ou.

Perimét _____ inite

30

Taylor pral voye 2 pyès anlè youn apre lòt. Li voye premye pyès la anlè. Ki pwobabilite a pou li gen pil premye fwa li voye pyès la anlè?

Pwobabilite _____

Taylor pral lanse dezyèm pyès la. Esplike pou ki rezon pwobabilite pou gen pil la dezyèm fwa li voye pyès la rete menm jan.

Kontinye

31

Justin gen yon tas amezire ak yon kapasite $\frac{2}{3}$ tas. Konbyen fwa li pral mezire tas li a ak farin pou mezire $3\frac{1}{3}$ tas?

Montre travay ou.

Repons _____ fwa

32


Juliet gen nan koleksyon li 22 kat nan yon seri ki gen yon total 110 kat. Maxwell gen nan koleksyon li menm pousantaj kat ak Juliet, men li gen seri diferan nan koleksyon li. Seri yo ki nan koleksyon Maxwell la gen yon total 420. Konbyen kat nan seri li yo Maxwell genyen?

Montre travay ou.

Repons _____ fwa

33

Dyagram anba la a montre de ansanm nonm, ansanm A epi ansanm B.

**Pati A**

Ansanm A dekri kòm yon ansanm nonm natirèl pè. Sou liy anba la a, ekri yon deskripsyon pou ansanm B.

Pati B

Ki pi piti nonm natirèl 3 chif la ki ka plase nan entèseksyon ansanm A epi B yo?

Repons _____

KANPE

PA vire paj sa a jistan ou gen pèmisyon pou sa.

Sesyon 2

34

Evalye de espresyon anba la yo.

Montre travay ou.

$$\frac{(7 \times 4 + 8)}{2}$$

$$\frac{7 \times (4 + 8)}{2}$$

Repons _____

Repons _____

Sou liy anba la yo, esplike pou ki rezon rezulta yo pa menm.

Kontinye

35

Pandan li ap ranmase branch yon kalite pyebwa espesifik, Roland remake yon regilarite kote kantite fèy sou branch yo chanje dapre longè branch lan. Li fè tab anba la a baze sou sa li jwenn.

FÈY SOU BRANCH YO

Longè branch yo (an pye)	Kantite fèy yo
0,5	15
1	27
1,5	39
2	51

Pati A

Sou liy anba la yo, esplike regilarite Roland jwenn.

Pati B

Konbyen fèy Roland ta antisipe jwenn sou yon branch 6 pye?

Repons _____ fèy

36

Mis Lahti gen yon akwaryòm nan saldeklas li a. Li gen twa tip pwason: pwason papiyon, pwason wouj, epi goupi. Pwason sa yo distribye nan yon rapò 4:6:10, respektivman. Detèmine pou santaj la pou chak tip pwason nan akwaryòm lan.

Montre travay ou.

Pwason papiyon _____ %

Pwason wouj _____ %

Goupi _____ %

37


Fanmi Annette pral mete mozayik nan yon Pati 9 pye pa 12 pye nan antre lakay yo a. Chak mozayik endividyle gen yon sipèfii ki 1,5 pye kare. Si chak mozayik koute \$2,25, kisa ki pral pri total la pou mozayik yo nan antre a?

Montre travay ou.

Repons \$ _____

Kontinye

Jimmy te eseye fè estimasyon sipèfisi a pou lak la kote li al peche. Dyagram anba la a montre yon vi ayeryèn pou lak la.



Sèvi ak dyagram anlè a, pou FÈ ESTIMASYON sipèfisi lak la.

Estimasyon _____ mèt kare

Sou liy anba la yo, esplike ak ki pwosede ou sèvi pou detèmine estimasyon ou lan.

39

John se yon desinatè karikati. Li lwe yon kyòs nan festival kominote a vandredi pase pou \$35, kote li vann desen li yo pou \$5 chak. Apre li peye frè lokasyon an, li te gen \$225 kòm pwofi pou jounen an.


Sèvi ak ekwasyon $5x - 35 = 225$, lan, kote x reprezante kantite desen li vann yo, pou jwenn ki kantite desen li vann.

Montre travay ou.

Repons _____ desen

40

Dyagram anba la a montre triyang rektang DEF.



Si ang E mezire 60° , ki longè kote DE?


Montre travay ou.

Repons _____

Kontinye

41

Felicia ap fè yon desen ak seksyon kolore epi seksyon ki pa kolore, jan yo montre anba la a.




Ki fraksyon nan desen an kolore?

Repons _____

Sou liy anba la yo, esplike kijan ou detèmine repons ou an.

42

Sou kadriyaj anba la a, trase epi make refleksyon an pou $\triangle ABC$ sou aks òdone yo.



Fè lis nouvo koòdone yo pou $\triangle A'B'C'$ ke ou fèk trase a.

Repons $A' (\underline{\quad}, \underline{\quad})$

$B' (\underline{\quad}, \underline{\quad})$


$C' (\underline{\quad}, \underline{\quad})$

Kontinye

43

Yon sondaj te fèt nan yon lekòl segondè. Wotè tout elèv wityèm ane yo te anrejistre nan grafik anba la a.

WOTÈ ELÈV WITYÈM ANE YO



Pati A

Ki wotè medyàn lan pou elèv wityèn ane yo?

Montre travay ou.

Medyàn _____ pou

Pati B

Ki mòd la pou wotè yo?

Mòd _____ pou

Sou liy anba la yo, eksplike pou ki rezon repons ou an reprezante mòd la.

44

Jesse travay nan yon boulanjri. Li ka fè 12 tat nan 96 minit. Nan espas anba la a, ekri yon ekwasyon ki ka sèvi pou jwenn ki kantite tat (*p*) Jesse ta ka fè an (*t*) minit.

Ekwasyon _____

Si Jesse fè tat pandan 8 èdtan, ki kantite tat li ka fè?


Montre travay ou.

Repons _____ tat

Kontinye

45

Montay ris la nan yon pak atraksyon monte nan yon wotè 170 pye anvan li tonbe desann yon pant nan yon pwen 10 pye anlè atè a, nan yon distans orizontal 120 pye, jan yo montre anba la a.



Ki longè aproksimatif la pou pis la, an pye, pou seksyon montay ris la ki make A?

Montre travay ou.

Repons _____ pye

Place Student Label Here



**Liv 2
Matematik
Klas 8
4–5 me, 2004**

The McGraw-Hill Companies